

Byenvini O Kanada

+ SWEN SANTE O KANADA



Gen diferan sèvis o Kanada ki sipòte bezwen sante w e ki ka ede w jwenn yon èd rapid lè w gen ijans.

Gouvènman an finanse pifò swen sante nan Kanada. Lè w gen asirans sante gouvènman an, ou pa bezwen peye pou swen lasante.

Ou ka pwoteje tèt ou kont maladi lèw vaksinen regilyèman, epi lè ou chache enfòmè sou kesyon sante piblik.

Òganizasyon k ap ede moun tabli ka ede w tou. Òganizasyon sa yo ofri plizyè pwogram ak sèvis pou ede moun ki fenk rive nan Kanada. Pou w jwenn yonn nan òganizasyon sa yo nan zòn ou a, ale sou : [Nouveaux arrivants : Trouvez des services gratuits près de chez vous](#) (paj wèb sa a disponib an anglè e an fransè).

SWEN DIJANS

Si w gen yon ijans nan sante w, rele 911 oubyen ale nan ijans lopital kote ou ye a.

Men sa ki ka yon ijans nan sante : difikilte pou respire, atak kadyak oubyen estrok, blesi oubyen maladi grav.

SÈVIS SWEN SANTE REGILYÈ

Pou pifò swen sante ou genyen, ou ka vizite yon klinik san randevou oubyen yon famasi lokal.

Chache yon doktè ak yon dantis ki aksepte ou ak fanmi kòm kliyan. Yo kapab kenbe dosye medikal ou e konsilte ou regilyèman. Si w bezwen yon doktè ak yon dantis pou fanmi ou, ou ka mande yon moun ou konnen, ou ka chache anliy, oubyen ou ka kontakte yon sant sante kominotè.

Pou plis enfòmasyon sou kòman w ka jwenn yon doktè oubyen yon dantis, ale sou sit : [Soins de santé au Canada : Trouver un médecin ou un dentiste](#) (paj wèb sa a disponib an anglè e an fransè).

Òganizasyon swen lasante yo kapab pale ak ou an anglè oubyen an fransè. Mande moun k ap ba w swen yo si yo kapab fè w jwenn yon entèprèt, si toutfw a ou gen difikilte pou konprann enfòmasyon ak konsèy yo.

Li kapab difisil nan kominote w la pou w jwenn yon doktè ki aksepte pran nouvo moun. Mande òganizasyon kap ede moun tabli yo pou w jwenn plis enfòmasyon sou kòman ou ka jwenn sèvis lasante nan pwovens ak tèritwa ou ye a.

Pou w aprann plis sou sistèm sante Kanada a, al gade videyo [Apprendre à connaître le système de soins de santé du Canada](#) (videyo sa a disponib an anglè ou an fransè).



SANTE MANTAL OU AK BYENNÈT OU ENPÒTAN

Si ou menm oubyen yon moun ou konnen santi li tris, gen kè sote tout tan oubyen estrese, kontakte doktè fanmi ou, ale nan yon klinik san randevou oubyen mande yon ajans kap ede moun tabli enfòmasyon pou w ta jwenn yon sèvis konselin' kout e gratis.

Si ou menm oubyen yon moun ou konnen an sitiasyon detrès, li gen ijans nan sante mantal oubyen li gen bezwen èd imedyat, kontakte 911; oubyen rele nimewo dijans lokal la.

Pou w konnen plis sou sipò nan sante mantal, ale sou : [Soins de santé au Canada : Soutien pour la santé mentale et le bien être des nouveaux arrivants – Canada.ca](https://www.canada.ca/fr/soins-sante/soins-mentaux/soins-mentaux-nouveaux-arrivants.html) (paj wèb sa a disponib an anglè e an fransè).

Kontakte lapolis oubyen sèvis pwoteksyon lajènès, si ou menm oubyen yon lòt adilt, oubyen yon timoun ta sibi vyolans oubyen neglijan. Ou kapab tou kontakte òganizasyon kap ede moun tabli yo pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou kibò ou ka jwenn èd.

Pou w aprann plis sou dwa ou genyen o Kanada, ale sou sit : [Droit familial – Canada.ca](https://www.canada.ca/fr/droit-familial.html) (paj wèb sa a disponib an anglè e an fransè).



PEYE POU SÈVIS AK PWODWI SWEN LASANTE

Osito ke ou rive o Kanada, ou bezwen aplike pou w jwenn **asirans sante** gouvènman an. Pou sa, ou bezwen ale nan ministè sante pwovens oubyen tèritwa ou a. Sa depan de kote w abite a, sa ka pran jiska 3 mwa pou jwenn kouvèti sante. Pou plis enfòmasyon, ale sou sit : [Se renseigner sur les soins de santé au Canada](https://www.canada.ca/fr/soins-sante/soins-mentaux/soins-mentaux-nouveaux-arrivants.html) (paj wèb sa a disponib an anglè e an fransè).

Ou va resevwa yon **kat sante** kòm prèv ke ou gen kouvèti medikal. Chak moun va resevwa pwòp kat sante pa li. Ou dwe mache ak kat sante w, e bay li, chak fwa ou ap jwenn sèvis sante.

Pandan w ap tann apwobasyon pou kat sante gouvènman an, se yon bon lide pou w chache genyen yon asirans prive, sizoka ou ta gen yon bezwen sante.

Fè sèten ou konprann tou sa ki kouvri anndan asirans sante gouvènman an. Paske gen kèk sèvis ak kèk pwodwi medikal ki pa kouvri, tankou swen dan pa egzanp. Wap bezwen peye yo ak lajan nan pòch ou.

Si ou se yon refijye tabli, ki mande azil oubyen ki deja rive jwenn pwoteksyon nan men Kanada, ou kapab gendwa resevwa swen medikal pwovizwa ansanm ak mediman preskripsyon, selon Pwogram lasante pwovizwa federal la. Pou w ka konnen si ou elijib pou sa, ale sou sit : [Programme fédéral de santé intérimaire : Personnes admissibles](https://www.canada.ca/fr/soins-sante/soins-mentaux/soins-mentaux-nouveaux-arrivants.html) (paj wèb sa a disponib an anglè ak fransè).

KESYON VAKSINASYON AK SANTE PIBLIK

Mande yon doktè pou w ka konnen ki vaksen ou menm ak tout fanmi ou bezwen pran o Kanada pou pwoteje ou kont pwoblèm sante ki deyò a.

Pou enfòmasyon ajou sou ijans nan sante piblik o Kanada, tankou COVID-19, ale sou paj wèb : [Agence de la santé publique du Canada](https://www.canada.ca/fr/soins-sante/soins-mentaux/soins-mentaux-nouveaux-arrivants.html) (paj wèb sa a disponib an anglè e an fransè).

Chache kote ki gen sèvis pou tablisman ki disponib nan kominote ou a :

